

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ISWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

**Mèkredi** 23 Janvyè 2019 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonce pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 Kilès karakteristik jewografik ki te pi enpòtan pou devlopman komès nan New England ak nan koloni mitan yo?

- (1) lapli limite
- (2) pò natirèl
- (3) sezon kwasans long
- (4) tè mòn

2 Bretay te fini ak pratik neglijan pasif apre Gè ant Fransè ak Endyen (1754–1763) an ki te kontribye dirèkteman ak

- (1) fen komès esklav Afrik la
- (2) refi Lafrans pou abandone Kanada
- (3) konfli ogmante avèk Espay bò Rivyè Mississippi a
- (4) pwotestasyon kolonyal Ameriken yo kont nouvo taks yo

3 Lwa Nòdwès la (1787) ak Lwa Omstèd la (1862) tou de te reflekte politik gouvènman nasyonal la pou

- (1) ankouraje kolonizasyon tè fwontyè yo
- (2) pwoteje tè tribal Endyen Ameriken Natifnatal yo
- (3) elaji esklavaj nan Gran Plèn yo
- (4) achte tè nan men peyi etranje

4 Bi prensipal ekriven Konstitisyon Etazini yo te

- (1) elimine lejislasyon toulède chanm yo
- (2) ranfòse pouvwa gouvènman santral la
- (3) prezève sipremasi eta yo
- (4) afebli endepandans jidisyè a

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.

. . . Ekzekitif la ak Lejislatif la tèlman danjrezman melanje kòm pou bay kòz enkyetid ki jis, epi chak bagay ki gen rapò ak yo, enonse ak tèm anbigi—nan yon ekspresyon vag epi endefini, kòm yon rezon sifizan san okenn lòt objeksyon, pou repwobasyon [dezapwobasyon] yon sistèm, otè yo pa oze riske nan yon ankèt klè. . . .

Pa gen pwovizyon pou yon wotasyon, ni anyen pou evite pèpetuite [pèmanans] pouvwa a nan menm men yo a vi; sa ki avèk yon ti podven byen kalkile, ap pwobableman fèt, pou eksklizyon gason ak pi bon kapasite nan pòsyon pa yo nan pòs gouvènman. . . .

— Mercy Otis Warren, 1788

5 Ki rezon Mercy Otis Warren bay pou pozisyon li deklare a konsènan branch egzekitif ak lejislatif yo?


- (1) Devwa prezidan an ak Kongrè a pat klèman separe.
- (2) Tribinal federal yo te yon menas pou libète endividyèl.
- (3) Trèz (13) eta pa t kapab janm dakò sou pwoblèm enpòtan yo.
- (4) Konstitisyon Etazini an t ap nan avantaj sèlman yon ti gwoup rich.

6 Kilès remèd yo te pwopoze pou korije yon pwoblèm otè a idantifye konsènan plas ou genyen apre yo eli ou?

- (1) restriksyon pou depans kanpay
- (2) ekspansyon sistèm sèvis sivil la
- (3) limit tèm sou manm Kongrè yo
- (4) eleksyon dirèk prezidan an

Baze sou kat jwografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7.

### Ratifikasyon Konstitisyon Federal la, 1787–1790



Sous: Martin Gilbert, *Atlas of American History*, Dorset Press, 1985 (adapte)

7 Kilès zòn Etazini ki te montre pi gwo sipò pou ratifikasyon Konstitisyon an?

- (1) zòn lakòt pre Oseyan Atlantik yo
- (2) zòn fwontyè lwès Montay Apalach yo
- (3) zòn agrikòl nan pati lwès New York ak Pennsylvania yo
- (4) zòn montay nan Sid yo

8 Pouwwa prezidan an pou veto lwa yo ak pouwwa Chanm Reprezantan an pou akize se egzanp

- (1) federalis
- (2) konstitisyon ki pa ekri a
- (3) privilèj egzekitif
- (4) sistèm pouwwa ekilibre

9 Kòm deklare nan Konstitisyon Etazini an, kilès gwoup pèp la eli dirèkteman?

- (1) jij Lakou Siprèm yo
- (2) manm kabinè prezidan yo
- (3) manm Chanm Reprezantan yo
- (4) lidè pati politik yo

Sèvi ak tablo ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 lan.

Nonm Elektè pou Kèk Eta Seleksyone		
Eta	Eleksyon 1904 (476 total)	Eleksyon 2012 (538 total)
<b>New York</b>	39	29
<b>Massachusetts</b>	16	11
<b>Pennsylvania</b>	34	20
<b>Illinois</b>	27	20
<b>Florida</b>	5	29
<b>Texas</b>	18	38
<b>California</b>	10	55

Sous: U.S. Electoral College

10 Kilès tandans sou popilasyon Etazini ki plis enplisit nan enfòmasyon nan tablo a?

- (1) Eta ki gen klima pi cho yo te gen pi gwo ogmantasyon popilasyon pase lòt rejyon Etazini yo.
- (2) Pousantaj riral popilasyon an te ogmante atravè 20yèm syèk la.
- (3) Patisipasyon votè yo te ogmante nan Nò ak nan Lès.
- (4) Esperans vi te ogmante nan Sid ak nan Lwès, men li te bese nan lòt rejyon yo.

11 Kilès deklarasyon ki dekri pi egzateman prensip federalis la?

- (1) Eta yo gen pouvwa pou revize lwa nasyonal yo.
- (2) Yo bay votè yo pi gran pouvwa a.
- (3) Pouvwa a divize ant gouvènman nasyonal ak gouvènman eta yo.
- (4) Pouvwa a pataje ant de (2) pati politik yo.

12 Agrikiltè yo nan Ohio, Kentucky, ak Tennessee te sipòte acha Teritwa Louisiana an 1803 prensipalman paske yo te vle

- (1) fini konfli ak Meksik sou fwontyè alwès la
- (2) gen aksè ilimite ak Rivyè Mississippi ak pò Nouvèl Oleyan an
- (3) fini pratik esklavaj la
- (4) sekirize yon wout pi fasil pou transpòte pwodui yo nan Lakòt Pasifik la

13 Desizyon Lakou Siprèm nan *McCulloch v. Maryland* (1819) epi nan *Gibbons v. Ogden* (1824) te bay kòm rezilta

- (1) gwo distribisyon tè pou Endyen Ameriken Natifnatal yo
- (2) yon espansyon dwa Afriken Ameriken yo
- (3) pi gran regilasyon leta sou aktivite biznis yo
- (4) yon ogmantasyon pouvwa gouvènman federal la sou gouvènman eta yo

14 Nan premye mwatye 19yèm syèk la, konstriksyon kanal te enpòtan pou kwasans ekonomik paske kanal yo

- (1) te kapab itilize nan tout sezon lane a
- (2) te bay aksè ak tè lib nan lwès yo
- (3) te chaje to pi ba pase ray tren transkontinantal la
- (4) te bay transpò pi rapid pou pwodui agrikòl ak endistriyèl yo

- 15 Viktwa Andrew Jackson nan eleksyon prezidansyèl 1828 la te ede pa
- (1) sipò bankye nan lès yo
  - (2) aplikasyon dwa fanm pou yo vote
  - (3) rediksyon kalifikasyon pwopriyete pou vote
  - (4) andòsman abolisyonis nan nò yo
- 16 Kilès fraz 19yèm syèk ki pi byen dekri efò jeneral Etazini pou elaji nan lwès nan direksyon Oseyan Pasifik la?
- (1) “Sonje Alamo a”
  - (2) “Destine Manifès”
  - (3) “Kannzas an San”
  - (4) “Sonje Maine nan”
- 17 Kilès aksyon ki te yon tantativ gouvènman nan sid yo apre Gè Sivil la pou limite dwa Afriken Ameriken yo?
- (1) ratifikasyon 13yèm amandman an
  - (2) aplikasyon Kòd Nwa yo
  - (3) etablisman Biwo Moun Lib la
  - (4) akizasyon Prezidan Andrew Johnson
- 18 Dwa politik pou fanm yo te etann pi rapidman nan fwontyè oksidantal yo prensipalman akòz
- (1) sosyete Endyen Ameriken Natifnatal yo te enfluyans kolon yo
  - (2) fanm yo te plis pase gason yo nan Lwès la
  - (3) vi pyonye yo souvan te egzijje gason ak fanm pou yo te pataje responsablite yo menm jan
  - (4) koloni imigran yo nan Lwès la te mennen ideyal egalite sèks soti nan Lewòp
- 19 Fòmasyon monopòl biznis yo bò fen lane 1800 yo te rive posib ak
- (1) efè politik lesefè yo
  - (2) adopsyon lwa federal kont monopòl yo
  - (3) eliminasyon sistèm lib antrepriz la
  - (4) adopsyon pratik ekonomi sosyalis yo
- 20 Ki pè ki mache avèk yon lidè biznis 19yèm syèk la ak endistri li te devlope?
- (1) Cornelius Vanderbilt—tekstil
  - (2) Andrew Carnegie—ambalaj vyann
  - (3) J.P. Morgan—sik
  - (4) John D. Rockefeller—petwòl

- 21 Bò fen lane 1890 yo, jounalis sansasyonalis te plis dirèkteman enfluyans desizyon gouvènman Etazini pou
- (1) konstrui Kanal Panama a
  - (2) ouvè Japon ak komès nan Lwès la
  - (3) antre nan Gè Espanyòl-Ameriken an
  - (4) achte Alaska ak Hawaii

- 22 “. . .Se pa misyon Etazini pou li korije tout bagay mal nan tout monn lan, menm si nou gen enterè enplike, oswa patisipe nan refòm gouvènman anviwon kat san (400) milyon moun ki pwofondeman rayi entèferans etranje nan afè yo. . . .”

— Josiah Quincy, 1900

Otè deklarasyon sa ap ekprime supò li pou

- (1) gè kòm yon enstriman politik etranje
- (2) politik enperyalis
- (3) investisman nan biznis nan peyi etranje
- (4) prensip nonentèvansyon

- 23 W. E. B. Du Bois ak Booker T. Washington pat ditou dakò sou

- (1) bezwen pou pasaj 14yèm amandman an pou pran dwa sivil
- (2) avantaj Renesans Alèm nan
- (3) metòd ak vitès pou atenn dwa egal pou Afriken Ameriken yo
- (4) itilize politik federal aksyon afimatif la pou ede Afriken Ameriken

- 24 Kilès lide ki pi byen eksprime filozofi refòm atè Pwogresiv yo?

- (1) Kwasans ekonomik ta dwe gen priyorite sou preyokipasyon sosyal yo.
- (2) Aksyon gouvènman yo ta dwe pwomouvwa solisyon ak pwoblèm nan sosyete yo.
- (3) Refòm ta dwe soti nan lidè biznis prive yo.
- (4) Sendika travayè ta kapab afebli sistèm lib antrepriz la.

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 lan.

**“IMIGRAN an.  
Eske li se yon akizisyon oswa yon dezavantaj?”**



Sous: Victor Gillam, *Judge*, September 19, 1903 (adapte)

25 Kilès deklarasyon ki reprezante pi egzateman opinyon ki dekri nan desen 1903 sa a?

- (1) Yo bezwen tès li ak ekri pou limite imigrasyon Etazini.
- (2) Ameriken pa dakò konsiderableman sou politik imigrasyon.
- (3) Ekonomi nasyon an depann de imigrasyon an mas kontini.
- (4) Opozisyon nativis ak imigrasyon ap bese.

26 Pou sa ki gen rapò ak Amerik Latin, Kowolè Roosevelt la te renfòse doktrin orijanal Monnwo lè li

- (1) ranfòse entèvansyon militè pou frennen entèferans Ewopeyen
- (2) etann doktrin nan Azi
- (3) voye èd imanitè Meksik ak nan Karayib la
- (4) pwomouvwa endepandans ansyen koloni Etazini yo

27 Kilès lejislasyon ki se rezilta piblikasyon roman Upton Sinclair a *The Jungle* (*Jeng lan*)?

- (1) Lwa Hepburn
- (2) Lwa Dawes
- (3) Lwa Enspeksyon Vyann
- (4) Lwa sou Komès Ant Plizyè Eta

- 28 Rezon prensipal Sena Etazini an pa t apwouve Trete Vèsay la an 1919 se te paske trete a
- (1) pat fòse Almay pou remèt teritwa konkeri yo
  - (2) te menase pou rale nasyon an nan konfli entènasyonal alavni
  - (3) pa t enkli reparasyon gè
  - (4) Prezidan Woodrow Wilson te opoze li
- 29 Atak Palmer yo apre Premyè Gè Mondyal te kontwovèsyal paske gouvènman federal
- (1) te mennen yon kanpay kont diskriminasyon ak segregasyon rasyal
  - (2) te anprizone sifrajèt ki te dirije mach pwotestasyon yo
  - (3) te vyole libète sivil radikal sispèk yo
  - (4) te bay azil ak refijye Ewopeyen yo
- 30 Pandan lane 1920 yo, enfliyans kouklouksklan an ak vòt lwa yo ki etabli kwota imigrasyon te ilistre
- (1) rejè valè relijye tradisyonèl yo
  - (2) sipò pou lekòl piblik entegre yo
  - (3) reyaksyon negatif ak jijman Eskòps
  - (4) kwasans nativis
- 31 Ki faktè nan fen lane 1920 yo te yon gwo kòz nan Gran Depresyon an?
- (1) sipwodiksyon machandiz manifaktire yo
  - (2) to ki wo enpo sou revni
  - (3) izaj limite kredi konsomatè
  - (4) tarif ba sou pwodui Ewopeyen
- 32 Kisa ki te yon rezon anpil bank te echwe nan kòmansman ane 1930 yo?
- (1) Bank yo te fè prè ak investisman mache bousye ki riske.
  - (2) Gouvènman federal la te twò reglemante bank yo te.
  - (3) Gwo bank yo te fòme yon monopòl.
  - (4) Bank yo te chaje to enterè ki wo pou prè yo.

- 33 Yon diferans fondamantal nan politik ant Prezidan Herbert Hoover ak Prezidan Franklin D. Roosevelt se te Prezidan Roosevelt
- (1) te konsantre prensipalman sou rediksyon tarif yo
  - (2) mete anfaz sou rediksyon taks ak sibvansyon pou gwo biznis
  - (3) te adopte yon filozofi lesefè
  - (4) te pwopoze èd dirèk ak agrikiltè ak chomè yo
- 34 Anpil istoryen konsidere 100 premye jou Prezidan Franklin D. Roosevelt kòm yon siksè paske
- (1) Sena a te dakò pou adere ak Lig Nasyon yo
  - (2) li te ogmante nonm Jij Lakou Siprèm yo
  - (3) anpil nan pwopozisyon Nuovo Kontra yo te pibliye kòm lwa
  - (4) Gran Depresyon an te fini
- 35 Kilès tit ki t ap pi korèk pou deskripsyon pasyèl anba la a?
- I. \_\_\_\_\_

  - A. Etazini restrenn vant zam an 1935.
  - B. Prezidan Roosevelt pwononse diskou “karantèn” nan an 1937.
  - C. Politik peye-pran (cash-and-carry) antre an vigè an 1939.
  - D. Bretay resevwa èd prè-bay (lend-lease) la an 1941.
- (1) Kongrè a Elaji Pouvw Lagè yo
  - (2) Medya Enfliyanse Politik Etranjè
  - (3) Etazini Soti Nan Netralite
  - (4) Kominote Entènasyonal Ini pou Lapè
- 36 Apre atak sou Pearl Harbor a, Prezidan Franklin D. Roosevelt te deside pou
- (1) entèdi Japonè Ameriken yo pou yo pa sèvi nan Kongrè
  - (2) depòte pifò Japonè Ameriken nan Japon
  - (3) imedyatman mobilize tout jèn Japonè Ameriken nan militè
  - (4) deplase Japonè Ameriken yo nan kan anprizonman lwen Lakòt Pasifik la

37 Akò ki te fèt nan konferans Yalta ak Postdam bò fen Dezyèm Gè Mondyal la te gen kòm rezilta

- (1) divizyon Almay nan zòn okipasyon
- (2) envazyon Inyon Sovyetik pa Alye yo
- (3) kreyasyon akò sou kontwòl zam yo
- (4) kontwòl penensil Koreyen nan pa fòs Nasyonzini yo

Sèvi ak desen ki anba la ak konenans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 38 ak 39.

**“Ki kote?”**



Sous: Fred O. Seibel, *Richmond Times-Dispatch*, March 14, 1947 (adapte)

38 Opinyon desinatè sa a eksprime a se ke “nouvo” politik etranjè Etazini sa a

- (1) riske epi kapab pa reyisi
- (2) sèten pou mennen nan yon lòt gè
- (3) yon vyolasyon Konstitiyon Nasyonzini
- (4) twò chè pou sipòte

39 Kilès politik etranjè Etazini yo ap refere nan desen sa a?

- |                    |                     |
|--------------------|---------------------|
| (1) Lwa Netralite  | (3) Doktrin Truman  |
| (2) Trete Atlantik | (4) Pwojè Manhattan |

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 40.

. . . Ou dwe pran chans pou lapè, jis menm jan ou pran chans nan gè. Kèk moun di yo te mennen nou tou pre gè. Sètènman yo te menen nou te tou pre gè. Kapasite pou rive tou pre gè san fè gè se travay atistik ki nesèsè. Si ou pa kapab metrize l, ou antre nan gè inevitableman. Si ou eseye kouri kite l, si ou pè pou ale tou pre, ou pèdi. . . .

– Secretary of State John Foster Dulles, *Time*, January 23, 1956

40 Politik Sekretè Dulles dekri a te plis evidan nan aksyon apre Etazini yo pandan

- (1) kriz misil nan Kiba
- (2) Trete Entediksyon Tès Nikleyè
- (3) kriz enèji 1973
- (4) poupale Kan David ant Ejipt ak Izrayèl

41 Kilès chanjman sosyal adopsyon Lwa Otowout Ant Plizyè Eta an 1956 la te akselere?

- (1) revitalizasyon zòn iben yo
- (2) egzijans pou nouvo fòm transpò piblik
- (3) kwasans popilasyon Nòdès la pa rapò ak sa nan Sid ak Lwès la
- (4) mouvman soti nan vil pou nouvo kominote sibiben yo

42 Enplikasyon Etazini nan Vyetnam nan kòmansman ane 1960 yo te jistifye pa kwayans mondyal ke

- (1) pwosperite ekonomik Etazini te depann de kontwòl sou Vyetnam di Sid
- (2) echèk pou defann libète nan Sid Vyetnam t ap gen kòm rezilta dominasyon kominis Azi di Sidès
- (3) sipò pou Vyetnam di Sid t ap onore obligasyon Etazini yo pou Òganizasyon Trete Atlantik Nò an (OTAN) a
- (4) enplikasyon nan Azi di Sidès te nesèsè pou evite kominis yo te pran kontwòl Lachin



- 43 • 4 oktòb, 1957—Inyon Sovyetik lanse *Sputnik*
- 12 avril, 1961—yon kosmonot Sovyetik se premye moun ki òbite latè
  - 20 fevriye, 1962—John Glenn se premye Ameriken ki òbite latè
  - 20 jiyè, 1969—Neil Armstrong mache sou lalin

Kilès konklizyon evènman sa yo dirèkteman sipòte?

- (1) Etazini te premye pou òbite latè.
- (2) Pwogram espasyal Etazini an finalman te sipase program Inyon Sovyetik la.
- (3) Inyon Sovyetik ak Etazini tou de te militarize espas.
- (4) *Sputnik* te gen yon ti kras enfluyans sou Etazini.

44 Depi lane 1960 yo, yon objektif prensipal mouvman fanm yo se te pou gen

- (1) plen dwa pwopriyete
- (2) pi bon aksè ak edikasyon piblik
- (3) opòtinite ekonomik egal
- (4) dwa pou vote

45 Agiman prensipal Prezidan Richard Nixon te itilize pou bloke piblikasyon *Papye Pentagòn* yo se te ke divulgasyon yo t ap

- (1) domaje politik anviwonmantal li yo
- (2) mete an danje relasyon komès yo
- (3) koze domaj ak pwosperite nasyon an
- (4) menase sekirite nasyonal

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 46 la.

... Kesyon: M. Prezidan, anpil moun nan Kongrè a kwè nan rediksyon taks—mwen vle di, rediksyon bidjè a, men yo enkyè sou rediksyon taks yo. Yo pè pou li pa enflasyonis. Kijan ou planifye pou konbat pè sa a nan Kongrè?

Prezidan Reagan: Byen, mwen te mansyone yeswa, pè sa a ke rediksyon taks yo t ap enflasyonis. Premyeman, yon nonm bon ekonomis tankou Murray Weidenbaum ak anpil lòt asosye li yo pa panse ke sa se konsa. Men tou nou gen istwa bò kote nou. Chak rediksyon majè taks ki te fèt nan syèk sa a nan peyi nou an te gen kòm rezilta ke menm gouvènman an gen plis revni pase avan, akòz baz ekonomi an tèlman laj lè nou fè sa. . . .

— Question-and-Answer Session with President Ronald Reagan, 1981

46 Baze sou pasaj sa a, politik ekonomik Prezidan Ronald Reagan lan te egzije

- (1) rediksyon taks yo pou ogmante investisman biznis prive yo
- (2) ogmante depans gouvènman an nan pwogram byenèt sosyal yo
- (3) limite depans militè pou ekilibre bidjè federal la
- (4) ogmante taks pou diminye enflasyon

47 Lwa Patryòt USA a (2001) te vote pou

- (1) rekrite volontè pou sèvis militè
- (2) pwoteje Etazini kont teworis yo
- (3) entèdi sitwayen pou pa kritike politik gouvènman
- (4) sovgade libète sivil yo kont abi gouvènman an

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 48 la.



Sous: Mike Keefe, *Denver Post*, March 16, 2011

48 Ki deklarasyon ki eksprime pi byen lide prensipal desen sa a?

- (1) Izin nikleyè yo sijè ak ris.
- (2) Yo pa ta dwe jete dechè nikleyè yo nan oseyan yo.
- (3) Gouvènman an ta dwe ankouraje konstriksyon lokal nikleyè.
- (4) Izin nikleyè yo se sib teworis yo.

- 49 • Lwa Manje ak Medikaman pi bon Kalite ki te vote.
- Enpo pwogresif sou revni ki te etabli.
  - Sistèm Rezèv Federal la ki te kreye.

Evènman sa yo te pase pandan kilès peryòd istorik?

- (1) Rekonstriksyon
- (2) Peryòd Pwogresif
- (3) Ane Fòl yo
- (4) Gè Fwad

50 Yon fason Eskwèdil la, Nouvo Fwontyè, ak Lagrann Sosyete a similè se ke chak te

- (1) plan pou pwomouvwa gwo biznis
- (2) kanpay pou etann dwa fanm pou yo vote
- (3) liv yon jounalis investigasyon (muckraker) ekri
- (4) pwogram prezidansyèl sou refòm

**Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan ti liv redaksyon apa a.**

**Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## **Pati II**

### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Aksyon Gouvènman**

Atravè istwa Etazini, gouvènman federal la te pran aksyon ki te oswa etann oswa limite dwa moun nan Etazini. Aksyon gouvènman sa yo gen enpak politik, sosyal, ak ekonomik siyifikatif sou nasyon an.

#### **Sa pou fè:**

Chwazi **de (2)** aksyon gouvènman federal la ki te etann oswa limite dwa moun epi pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz aksyon gouvènman an
- Diskite sou konsekans aksyon an gen sou Etazini ak/oswa sou sosyete Ameriken an

Ou ka itilize nenpòt aksyon gouvènman an ki te etann oswa limite dwa moun pou etid ou a sou istwa Etazini. Kèk sijesyon ou ka swete konsidere gen ladan Lwa sou Deplasman Endyen yo (1830), *Dred Scott v. Sanford* (1857), 15yèm amandman an (sifraj pou Afriken Ameriken gason yo, 1870), *Plessy v. Ferguson* (1896), *Schenck v. Etazini* (1919), 18yèm amandman an (Lwa Pwoybisyon, 1919), 19yèm amandman (sifraj pou fanm, 1920), *Brown v. Komite Edikasyon Topeka a* (1954), Lwa sou Dwa Sivil la (1964), Lwa sou Dwa Vòt la (1965), ak 26yèm amandman an (sifraj pou sitwayen ki gen 18 tan, 1971).

#### **Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

#### **Gid:**

##### **Nan redaksyon ou, asire ou:**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

## Kontèks Istorik:

Jiska mwatye-lane 1800 yo, Etazini te rete prensipalman yon nasyon riral, agrikòl. Sepandan, bò kòmansman 20yèm syèk la, Etazini te vini yon nasyon iben, endistriyalize. Tranzisyon an te lakòz pwoblèm asosye ak kondisyon *lojman* ak *travay*. Gouvènman, gwoup, ak endivi te tante amelyore kondisyon *lojman* ak *travay* avèk divès degre siksè.

**Sa pou fè:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A a. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a kote y ap mande ou pou

- Dekri kondisyon *lojman* ak kondisyon *travay* nan zòn iben pandan fen lane 1800 yo ak kòmansman lane 1900 yo
- Diskite nan ki nivo efò pou adrese kondisyon *lojman* ak/oswa *travay* te reyisi

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- (b) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonnman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

. . . Anpil moun nan yon ti espas: uit san (800) pa ak nan kèk blòk vil. Mouch yo te gra epi yo te prezan tout kote, paske an ete fenèt yo ak pòt yo te dwe rete ouvè tout tan nan lespwa yon briz ta ka jwenn wout li nan rivyè epi atravè ri ki ankonbre yo ak pami lojman kolektif etwatman konprime yo ak atravè dèyè kou yon moun. Ansanm ak mouch yo te vini bri wou asye wagon yo sou wòch pave yo, kri bebe yo, kòlpòtè k ap rele, rijisman metwo aeryen yo, timoun k ap fè bri, ak srich-scratch ak tentman likidasyon fonograf.

Ete tadif se yon sezon pousyè ak salte. Mwatye metwopòl la, ta sanble, te anba konstriksyon, yon nouvo tou dis (10) oswa plizyè etaj te parèt chak senk (5) jou, gratsyèl konkiransyèl k ap kouri nan direksyon nyaj yo, yon twazyèm epi answit yon katryèm pon detire atravè Rivyè Lès la (kote yon jenerasyon avan sa pat gen okenn). Lè cho, imid la te plen ak pousyè, poud siman, siyi, ak echapman ki soti nan vapè pèl yo. . . .

Sous: David Von Drehle, *Triangle: The Fire that Changed America*, Grove Press, 2003

1 Dapre David Von Drehle, kisa **de (2)** kondisyon moun ki t ap viv nan zòn iben yo nan kòmansman lane 1900 yo te ye? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

Dokiman 2a

Fanmi nan Chanm nan Kay Lojman Kolektif, 1890



Sous: Jacob Riis, *How the Other Half Lives: Studies Among the Tenements of New York*, Dover Publications, 1971

Dokiman 2b

Fanm ak Timoun k ap Travay Lakay nan New York, kòmansman lane 1900 yo



Sous: Lewis Wickes Hine, December 1911, Library of Congress

2 Sèvi ak foto sa yo, kisa ki te **yon (1)** kondisyon fanmi ki t ap viv nan lojman kolektif yo t ap fè fas? [1]

Score

### Dokiman 3

. . . Razaj [domolisyon] pi vye lojman kolektif atravè pwogram renovasyon iben sa yo ak adopsyon lwa regilatwa pi estrik jeneralman pran kredi pou mete fen ak privasyon [difikilte] sistèm lojman kolektif la. Soti 1867 jiska 1901, New York te pibliye yon seri lwa gradyèlman rigoure [estrik] sou lojman kolektif ki reklame plis vantilasyon ak sanitasyon, mentnans amelyore, ak plonbri enteryè. Men jiska ki nivo regilasyon yo te kontribye reyèlman nan disparisyon menas lojman kolektif? Malgre klòz yo ke chak chanm gen yon fenèt epi ke eskalye yo gen ekleraj, movèzodè te kontinye sibmèje rezidan lojman kolektif yo, epi amelyorasyon yo te pwomèt nan vantilasyon yo pat janm materyalize. Foto Lewis Hine yo nan lane apre piblikasyon lejislasyon 1901 yo revele ankonbreman orib menm jan Jacob Riis te jwenn sa nan fen lane 1880 yo epi preske mal menm jan ak sa investigatè avan gè Sesesyon an [pre-Gè Sivil] te dekouvri nan [katye] Cow Bay ak nan Old Brewery. . . .

Sous: Tyler Anbinder, *Five Points*, The Free Press, 2001 (adapte)

3 Dapre Tyler Anbinder, kisa ki te **yon (1)** tantativ pou adrese pwoblèm moun ki ap viv nan lojman kolektif yo tap fè fas? [1]

Score



## Dokiman 4

. . . Kòm yon egzanp pou vil la, Addams te enstale yon ti ensineratè nan Hull-House epi fè Klèb Fanm sant kominotè a envestige kondisyon fatra nan katye a epi rapòte konklizyon yo bay meri a. Men an ven. Finalman, an dezespwa, Addams te aplike pou vini kolektè fatra nan Diznevnyèm Katye a. Òf li a pa t janm konsidere, men piblisite li te pwovoke a te lakòz vil la te nonmen li enspektè fatra nan katye a.

Chak maten a 6:00 A.M., vwazen ki t ap mache penibleman pou al travay te wè yon fanm koube ki pal menm jan ak yon lasi bouji t ap swiv wagon fatra vil la ale nan kote yo jetre fatra yo a pou wè si yo byen travay; epi leswa Jane Addams t ap sipèvize konbisyon gwo pil fatra riyèl, flann santèn pye de wo ki rale foul espektatè kirye. Fanm etranje nan katye yo te “choke”, Addams te raple, “ak depa brital nan wout gason”. Men kèk nan yo te vin konprann “tach travay domestik yo a lojikman te etann nan riyèl adjasan ak ri ajasan yo” kote maladi salte gaye ekspoze timoun yo ak ris mòtel.

Presyon enfatigab Addams ak lòt travayè kominote yo—pi prensipalman Mary McDowell nan Packingtown— te fòse vil la pou pran mezi pou amelyore kondisyon sanitè nan kèk katye imigran. Men pa avan 1900, epi pa twò satisfèzan. . . .

Sous: Donald L. Miller, *City of the Century: The Epic of Chicago and the Making of America*, Simon & Schuster, 1996

- 4 Dapre Donald L. Miller, kisa ki te **yon (1)** fason travayè kolonizasyon yo te tante pou amelyore kondisyon sanitè nan Chicago? [1]

---

---

Score

## Dokiman 5

. . . Nan chak endistri istwa a te menm de fason monotòn: salè ba; pè konstan revokasyon; kondisyon travay mizerab ak ensalib; jounen dis (10), douz (12), epi men katòz (14) èdtan (sèz (16) pou boulanje); sis (6) epi pafwa sèt (7) jou pa semèn; pèman iregilye; tikras oswa pa gen konpansayon pou blesi ak fatalite; yon ogmantasyon konstan nan nonm fanm ak timoun ki anplwaye anba kondisyon sa yo; epi, sa ki pi rèd la, konviksyon jeneral travayè gason ak fanm (san mansyone timoun) yo t ap pèdi teren depi fen Gè Sivil la.

Anba kondisyon sa yo, li pa siprenan ke nonm grèv yo te ogmante lane apre lane apre Gran Grèv 1877 la. An 1881 te gen 471 grèv ki te afekte 2,928 konpayi ak 129,521 anplwaye. Senk lane pita nonm grèv yo te ogmante jiska 1,411, ki te enplike 9,861 konpayi ak preske mwatye milyon anplwaye. Globalman mwatye (46 pousan) konpayi ki frape yo te akyese [te dakò] ak prensipal egzijans grevis yo. Plis pase 3,000 grevis anplis te reyisi pasyèlman, ak 40 pousan grèv yo, ki te enplike 50 pousan grevis yo, te jije “echèk”. . . .

Sous: Page Smith, “How the Other Side Lived,” *A People’s History of the Past, Reconstruction Era, Vol. VI, The Rise of Industrial America*, 1984

5a Dapre Page Smith, kisa ki te **yon** (1) kondisyon *travayè* endistriyèl yo nan fen 1800 yo? [1]

---

---

Score

b Dapre Page Smith, kisa ki te **yon** (1) tantativ *travayè* yo te fè pou amelyore kondisyon travay yo? [1]

---

---

Score

## Dokiman 6

Yon Vandredi swa, 24 Mas, de (2) jèn sè t ap desann eskalye yo soti nan nevyèm etaj kote yo te anplwaye epi yo te jwenn gwoup travayè ki ap retounen lakay yo nan Kote Lès New York. Depi uit tè pil yo t ap koube sou tay-chemiz swa ak dantèl, pandan y ap gide entanseman twal ki gen valè atravè machin rapid yo, avèk plizyè santèn machin ak motè ki ap fè bri fòlman bò kote yo; epi konye a de (2) a te trè epize, epi te plen avèk dekourajman [dezespwa] ki vini apre yon jounen woutin fatigan, lè lòt jou a, epi lòt semèn nan, epi lòt lane a, pa pwomèt anyen ki pi bon pase jis menm kontrent monotòn nan. . . .

“Li pi mal pase sa te ye avan grèv la, yon lane de sa,” Gussie, pi gran [sè a] di amèman. “Patwon an peze [met presyon sou] nou nan tou pwen, epi fòse nou nan limit nou. Li mennen nou anwo nan asansè maten yo [chak maten], konsa nou pap pèdi yon segonn pou kòmanse, lè nou fatige epi bòs la jwenn tout sa li vle nan nou pou jounen an, li fè nou mache desann. A uit (8) tè pil li fèmen pòt yo, donk si ou vini menm yon minit an reta ou paka antre jiska midi, ki donk ou pèdi mwaye yon jounen; li fè sa pou asire li chak moun rive la a lè oswa avan lè. Li sanksyone nou pou chak ti bagay; li toujou kenbe salè yon semèn pou li asire l li kapab kolekte pou domaj li di nou fè, epi pou anpeche nou kite; epi chak maten li fouye bous nou ak sak nou pou wè si nou pa pran okenn byen oswa rès bagay. Oh, ou ta panse ou nan Larisi ankò!”. . .

Sous: Miriam Finn Scott, “The Factory Girl’s Danger,” *The Outlook*, April 15, 1911

6 Dapre Miriam Finn Scott, kisa ki te **de (2)** kondisyon ki te fè travay faktori difisil an 1911? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 7

. . . Enfòmasyon Komisyon ak Estaf yo te kolekte yo te konplike nan plizyè rapò, ki gen ladan de (2) rezon prensipal yo, “Ris Dife nan Batiman Faktori” epi “Sanitasyon Faktori yo”, pibliye nan Rapò Preliminè Komisyon Envestigasyon Faktori (Preliminary Report of the Factory Investigating Commission, 1912). Pou amelyore kondisyon sanitè yo, rapò Komisyon ak Lejislati a te rekòmande anrejistreman tout faktori avèk Depatman Travay la, bay lisans ak tout faktori manje yo, egzamen medikal pou travayè manje yo, sipèvizyon medikal nan echanj danjere yo, epi pi bon manje, lavaj, ak lokal twalèt yo. Pou redui ris dife, Komison an te rekòmande yon ogmantasyon nan eskalye ak soti yo, enstalasyon pwoteksyon kont dife, konstriksyon antidife, entèdiksyon fimen nan faktori yo, ekstenktè, sistèm alam, ak wouzè otomatik. Lòt rapò Komisyon an te rezime investigasyon yo epi fè rekòmandasyon konsènan travayè fanm faktori yo, travay timoun nan lojman kolektif, maladi pwofesyonèl tankou anpwazone nan plon ak asenik. . . .

Sous: *Working Lives: A Guide to the Records of the New York State Factory Investigating Commission*,  
New York State Archives and Records Administration, 1989

- 7 Sèvi ak dokiman Eta New York sa a, di **yon (1)** rekòmandasyon Komisyon Envestigasyon Faktori (Factory Investigating Commission) a an 1912 te fè pou adrese pwoblèm travayè yo t ap fè fas yo. [1]

---

---

Score

## Dokiman 8

. . . Devwa siprèm Nasyon an se konsèvasyon resous imèn atravè yon mezi eklere jistis sosyal ak endistriyèl. Nou angaje nou pou travay san rete nan Eta a ak Nasyon an pou:

Lejislasyon efektiv ki vize prevansyon aksidan endistriyèl, maladi pwofesyonèl, simenaj, chomaj envolontè, ak efè ensidan pou endistri modèn;

Rezoud maksimòm estanda sekirite ak sante pou divès pwofesyon, ak egzèsis otorite piblik Leta ak Nasyon an, ki gen ladan l Kontwòl Federal sou komès ant eta yo ak pouvwa pou kolekte taks, pou mentni estanda sa yo;

Entèdiksyon travay timoun;

Estanda salè minimòm pou travayè fanm yo, pou bay yon echèl vi nan tout pwofesyon endistriyèl yo;

Entèdiksyon travay lannwit pou fanm yo epi etablisman yon jounen uit (8) tè pou fanm yo ak jèn moun;

Yon jou repo sou chak sèt (7) pou tout travayè salarye; . . .

Nou favorize òganizasyon travayè yo, gason ak fanm tankou mwayen pou pwoteje enterè yo ak pwomouvwa pwogrè yo. . . .

Sous: Platform of the Progressive Party, August 7, 1912

8 Sèvi ak dokiman sa a, kisa ki te **de (2)** pwopozisyon ki te fèt nan Platfòm Pati Pwogresiv (Progressive Party Platform) 1912 la ki te adrese pwoblèm travayè yo t ap fè fas yo te ye? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 9

. . . Abandone efò pou sekirize koperasyon biznis, an 1935 Nouvo Kontra la te pran direksyon pou ranfòse kapasite travayè yo pou negosye kolektivman, lè l sipoze sa t ap mennen nan salè, lè, ak kondisyon travay ki jis. Konpetisyon, ansanm avèk tretman jis travayè yo, t ap kenbe biznis fonksyone korèkteman nan yon mache lib. Lwa Relasyon Travay Nasyonal, Senatè New York Robert Wagner te pwopoze a te andose pa FDR [Franklin Delano Roosevelt] yon fwa li te pase nan Sena a, te gen yon efè dramatik sou anpil travayè. Lwa Wagner a, jan yo te rele li souvan an, te kontrenn anplwayè yo pou trete ak sendika travayè ke anplwaye— nan eleksyon Komite Relasyon Travay Nasyonal (National Labor Relations Board, NLRB) te sipèvizè chwazi pou reprezante yo. Lwa a te entèdi pratik travay enjis tankou revoke anplwaye paske yo se manm sendika, favorize yon konpayi sendika anplwayè domine, oswa refize negosye nan bòn fwa avèk yon sendika. Tout pratik sa yo te la lontan avan Lwa sou Redresman Endistriyèl Nasyonal la epi te kontinye apre adopsyon li. Men kounye a, avèk yon ajans federal endepandan k ap siveye relasyon jesyon-travay, pwa gouvènman federal te soutni travayè òganize yo nan efò yo pou negosye pi bon tèm travay. . . .

Sous: David E. Kyvig, *Daily Life in the United States, 1920–1940*, Ivan R. Dee, 2002

9 Dapre David E. Kyvig, di **yon (I)** fason program Nouvo Kontra la te adrese pwoblèm travayè yo t ap fè fas. [1]

---

---

Score

## Pati B Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen senk (5)* dokiman nan devlopman redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

### Kontèks Istorik:

Jiska mwatye-lane 1800 yo, Etazini te rete prensipalman yon nasyon riral, agrikòl. Sepandan, bò kòmansman 20yèm syèk la, Etazini te vini yon nasyon iben, endistriyalize. Tranzisyon an te lakòz pwoblèm asosye ak kondisyon *lojman* ak *travay*. Gouvènman, gwoup, ak endivi te tante amelyore kondisyon *lojman* ak *travay* avèk divès degre siksè.

**Sa pou fè:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou

- Dekri kondisyon *lojman* ak kondisyon *travay* nan zòn iben pandan fen lane 1800 yo ak kòmansman lane 1900 yo
- Diskite nan ki nivo efò pou adrese kondisyon *lojman* ak/oswa *travay* te reyisi

### Gid:

#### Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen senk (5)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

